



Pou Piblikasyon Imedya: 20/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU FIZIYAD COLORADO SPRINGS LAN

"Mwen orifye pa fiziyad la nan Colorado Springs, epi kè m kase pou viktim yo ak pwòch yo. Pèt lavi ensanse sa se yon lòt trajedi ankò akòz vyolans ak zam ak rayisans, e mwen rejwenn tout Nouyòkè pou priye pou moun Colorado.

Antanke plas kote mouvman dwa LGBTQ yo te fèt, New York te toujou kanpe kont tout fòm rayisans ak prejije, epi atak orib sa raple nou ke nou dwe kondane vyolans anti-LGBTQ a sou tout fòm. Nou kanpe nan solidarite ak kominote LGBTQ a jodi a, epi toujou."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)